



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON ETA YO AN REKONESANS AK MWA
AKSYON KONT LAFEN AN**

***Inisyativ Nourish New York la achte plis pase 50 milyon liv pwodui agrikòl nan
New York, sa ki ap pote prèske 50 milyon repa pou fanmi ki nan bezwen yo***

***Yo pral limen moniman Eta yo oranj an rekonesans ak Jounen Aksyon kont
Lafen an, ki se 23 septanm 2022***

***Bank alimantè New York yo onore mwa ak koleksyon, distribisyon manje, ak plis
ankò***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aksyon k ap fèt atravè Eta New York an rekonesans ak Mwa Aksyon kont Lafen (Hunger Action Month) an, ke yo obsève chak septanm pou sansibilize sou ensekirite alimantè ak ankouraje moun pou fè pati batay kont lafen an. Mwa sa a make plizyè etap enpòtan pou inisyativ Nouri New York (Nourish New York) Eta a, ki te lanse pandan pandemi an pou bay plis manje pou moun ki nan bezwen pandan y ap sipòte fèmme New York yo. Kounye a, pwogram nan ede bank alimantè yo achte plis pase 50 milyon liv pwodui agrikòl New York, sa k ap mete prèske 50 milyon repa sou tab yo pou fanmi k ap fè fas ak ensekirite alimantè yo.

"Twòp Nouyòkè an difikite pou mete manje sou tab yo, epi kèk ane ki sot pase yo te sèlman entansifye pwoblèm sa a pou fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta nou yo ak òganizasyon patnè nou yo atravè eta a ap travay di pou konbat ensekirite alimantè atravè pwogram tankou Nourish New York, ak Mwa Aksyon kont Grangou a se yon moman pafè pou sansibilize e rekonèt travay di yo. Nouyòkè yo toujou bay yon koutmen nan moman bezwen, epi mwen ankouraje tout moun pou patisipe nan bank alimantè lokal yo nan Mwa Aksyon kont Grangou sa a."

Gouvènè a te anonse tou ke yo pral limen moniman eta yo an oranj nan kad Jouen Aksyon kont Lafen an, ki pral fèt vandredi 23 septanm, pou sansibilize sou pwoblèm enpòtan sa a epi pwomèt angajman kontinyèl New York pou konbat lafen nan kominote nou yo. Bank alimantè nan tout eta a apl onore mwa a tou avèk yon seri distribisyon manje, koleksyon manje ak plis ankò, sa k ap bay tout Nouyòkè yo yon opòtinite pou enplike yo.

Nourish New York

Inisyativ [Nourish New York](#) pèmèt founisè manje ijans New York yo kontinye achte pwodwi siplemantè yo nan men agrikiltè New York yo ak fabrikan pwodwi letye yo epi livre yo bay fanmi New York ki nan bezwen yo atravè rezo bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo. Depi lansman li pandan pik pandemi an nan mwa me 2020, Nourish New York te bay 96 milyon dola pou ede rezo bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo achte plis pase 57 milyon liv manje ki soti nan men kiltivatè lokal yo ak distribye plis pase 47.7 milyon repa nan kominote yo atravè eta. Yo te depanse transteyen pousan nan finansman an nan pwodwitye, 29 pousan sou pwodui, ak 40 pousan sou lòt pwodwi tankou vyann, ze, ak fwidmè.

An novanm 2021, Gouvènè Hochul te siyen lwa S.4892-A/A.5781-A ki enskri pwogram Nourish New York la pou tout tan nan lwa eta a. Yo te angaje yon total 147 milyon dola pou Nourish New York jiska prezan atravè senk faz finansman. Pwogram nan bay lajan dirèkteman bay founisè manje ijans eta a pou ede yo achte pwodwi agrikòl New York yo, tankou lèt, yougout, fwomaj, fwomaj blan, ak pwodwi alimantè, manje, pwodwi lanmè yo, ak ze. Li finance tou livrezon machandiz sa yo bay Nouyòkè yo atravè gwo distribisyon sou volan, pwogram bwat alimantè ak pwogram manje lekòl la, gad manje, ak kantin popilè.

Anplis de sa, pwogram nan sipòte kiltivatè yo ak pwodiktè yo nan eta a ki pèdi mache pou pwodwi yo akòz pandemi an. Atravè acha bank alimantè yo, gen 4,320 biznis manje ak agrikòl ki te afekte jiska dat.

Moniman Eta yo Limen Oranj

Yo pral limen moniman Eta yo oranj nan vandredi 23 septanm an rekonesansans ak Jounen Aksyon kont Lafen ak Mwa Aksyon kont Lafen an. Sa a se katriyèm ane konsekitif ke Eta New York ap limen moniman istorik li yo an oranj, ki te koulè premye kupon manje yo epi òganizasyon sekou yo itilize li pou reprezante konsyantizasyon kont grangou.

Men moniman eta yo ke yo pral limen oranj an rekonesansans ak Mwa Aksyon kont Lafen an:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman H. Carl McCall SUNY Building State Education
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)

- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

Depi lontan Eta New York te angaje li nan batay kont lafen an. Eta a te lanse plizyè pwogram revolisyone nan ane ki sot pase yo pou amelyore aksè pou manje ki bon pou lasante, ke yo kiltive lokalman epi pote manje ak bwason yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo. Dènyèmman, nan kad angajman Eta sou sitiasyon Leta a pou li pi byen konekte fèm ak lekòl yo atravè New York, Gouvènè Hochul te mande Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) a pou li pran tèt administrasyon [30 pousan Inistativ NYS](#) la nan lide pou amelyore patisipasyon nan pwogram nan atravè eta a. Inisyativ sa a ogmante ranbousman lekòl yo resevwa pou manje dine soti 5.9 santim pou chak repa pou vin 25 santim pou chak repa, pou nenpòt distri ki achte omwen 30 pousan engredyan yo nan men fèm New York yo. Yon lòt etap enpòtan resan se yon milyon liv manje ke yo bay Nouyòkè ki grangou yo nan kad aplikasyon kontinyèl Resiklaj Rès Manje ak Don Manje a, ki apiye sou efò Eta a ap fè pou redwi fatra ak emisyon k ap chanje klima a ki te koze pa dechaj yo pandan y ap bay bon jan manje pou Nouyòkè ki nan bezwen yo.

[Konsèy sou Lafen ak Politik Alimantè \(Council on Hunger and Food Policy\)](#) a reyini pou bay responsab politik eta yo ekspètiz sou fason pou adrese lafen ak amelyore aksè ak manje ki bon pou sante ki grandi lokalman pou rezidan Eta New York yo. Travay Konsèy la te enpòtan anpil pandan etablisman pwogram Nourish New York la, gras ak konsantrasyon li pou ranfòse lyen ak koperasyon ant pwogram ki adrese lafen ak sa yo ki pwodui ak founi manje. Konsèy la kontinye travay li epi ankouraje piblik la gade Konferans Mezon Blanch lan sou Lafen, Nitrisyon, ak Sante a mèkredi 28 septanm lan.

Evènman Distribisyon Manje yo

Anplis de sa, anpil nan 10 bank alimantè rejyonal Eta New York yo, yo chak rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an nan pwòp fason pa yo mwa sa a, sa ki bay Nouyòkè yo yon gwo opòtinite pou patisipe sou teren an nan pwòp kominote pa yo. Aktivite planifye yo enkli yon seri distribisyon manje, kòlèk manje, ak kèk lòt evènman kominote pou sipòte misyon souljman yo kont lafen. Men kèk egzanp:

- **Food Bank of the Southern Tier** (Bank Alimantè nan Southern Tier) ap òganize koleksyon lajan ak koleksyon manje vityèl "Leader of the Pack", ki rasanble biznis lokal yo pou rasanble lajan pou Food Bank of the Southern Tier. Ekip patnè antrepriz k ap patisipe yo fè konpetisyon pou yo anbale plis sakado nan tan ki pi rapid posib pandan y ap kolekte plis kontribisyon atravè boutik vityèl pèsonalize yo.
- **Foodlink** te ko-òganize yon evènman medya ak Manm Kongrè Joseph Morelle pou defann lejislasyon federal kont lafen, tankou Lwa sou Manje Lekòl Inivèsèl, ak Manje ki an Sante ak Timoun ki an Sante a, nan debi mwa sa a. Kolesyon fon anyèl otòn Foodlink, Festival Manje a, te retounen tou nan Mache Piblik vil la pou premye fwa depi 2019.

- **Island Harvest** te pibliye yon [kalandriye Mwa Aksyon kont Lafen entè-aktif](#) ak evènman ak ide sou fason moun ka sansibilize epi patisipe lokalman nan batay kont ensekirite alimantè a, ki gen ladan yon aktivite koleksyon manje "Konstwi yon Bwat" pou yon mwa.
- **Long Island Cares, Inc. - Bank Manje Rejyonal Harry Chapin** ap fè patenarya ak Asosyasyon Endistriyèl Hauppauge Long Island (Hauppauge Industrial Association of Long Island, HIALI) pou make Jounen Aksyon kont Lafen an. Plizyè kòporasyon ki se manm HIALI te bay 10.00 pou chak anplwaye pou sipòte Long Island Cares epi yo pral rasanble ansanm nan Jounen Aksyon kont Lafen an pou yon foto an gwoup.

Bank alimantè yo ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo abiye an oranj nan Jounen Aksyon kont Lafen an epi poste sou rezo sosyal yo pou sansibilize sou kòz la. Moun ki enterese pou jwenn manje oswa pou sèvi kòm volontè ak bank alimantè lokal yo ka vizite [sit entènèt Feeding New York State la](#) pou aprann plis.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Richard A. Ball, te deklare, "Mwa Aksyon kont Lafen an se opòtinite chak ane nou pou ogmante konsyantizasyon sou ensekirite alimantè kominote nou yo ap fè fas a, epi ankouraje moun atravè Eta a patisipe. Isit la nan Depatman an, nou travay di chak jou. Jounen pou konbat grangou ak mete plis manje sou tab tout Nouyòkè yo. Mwen fyè dèske pwogram Nouri Nouyòk nou an te pote prèske 50 milyon manje bay moun ki nan bezwen yo atravè rezo bank alimantè nou yo, pandan n ap sipòte fèmme nou yo atravè acha pwodui ki an sante, ki fre ki soti nan fèm yo. Sa se vrèman yon bagay pou nou kontan."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Twòp fwaye nan eta nou an kontinye ap lite ak ensekirite alimantè--yon reyalite tris ke nou pa ka pèmèt yo vin yon bagay komen. Mwa Aksyon kont Lafen an fè nou sonje ke gen plis bagay pou nou fè. Sipò san parèy Gouvènè Hochul bay pou pwogram tankou Nourish New York demontre vrè angajman li pou asire tout Nouyòkè yo gen kapasite pou bay manje ki an sante ak nourisan pou tèt yo ak pou moun yo renmen yo."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Chak Nouyòkè merite pou yo gen aksè ak manje ki abòdab, an sante epi pou yo gen sekirite pou yo konnen ki kote pwochen repa yo ap soti. Kòm Prezidan Komite Agrikilti Sena a, priyorite mwen te toujou fè lyezon ant manje nourisan yo ak manje ki kiltive pa kiltivatè New York yo ak fanmi lokal yo k ap fè fas ak ensekirite alimantè, ki se fason pwojè lwa Nourish New York nou an—yon kout men pou aksè ak manje—te fòme. N ap kontinye trase chemen an sou solisyon pou mete fen nan kriz kont lafen an, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan bati yon sistèm manje ki pi ekitab pou tout moun."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li te mete aksan sou pwogram Nourish New York la ki fè siksè pandan Mwa Aksyon kont Lafen an. Pwogram nan te pèmèt bank alimantè yo ak founisè manje ijans yo achte dè milyon dola sipli manje nan men pwodikè New York yo. Sektè agrikòl

New York la fyè pou l jwe yon wòl enpòtan nan abòde ensekirite alimantè a atravè eta a."

Direktè Egzekitif Jeneral Hunger Free America, Joel Berg, te deklare, "De milyon rezidan Eta New York, ki eoapiye nan chak kwen riral, banlye, ak zòn riral nan eta a - ki gen ladan moun k ap travay, granmoun aje, timoun, veteran, ak moun ki andikape -- kounye a ap viv nan kay ki gen ensekirite limantè, yo pa kapab toujou peye ase manje. Mwa Aksyon Kont Lafen sa a, pèmèt nou konsakre efò kolektif nou yo pou kreye ak mete ann aplikasyon politik ki nesèsè pou fini ak grangou epi asire ke tout moun ka achte manje nourisan lè yo redui povrete, agrandi opòtinite ekonomik, epi asire bon jan pwogram rezo sekirite gouvènman an yo."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB) la, te deklare, "Nourish NY se yon pwogram ki gen anpil valè ki konekte kiltivatè yo ak bank alimantè rejyonal yo ak gad manje ijans yo atravè eta a. Opòtinite mache li bay yo sèvi kòm yon kout men pou alafwa kiltivatè yo ak pou Nouyòkè ki nan bezwen yo, sitou lè gen ratman nan chèn apwovizyonman. Mwa Aksyon kont Lafen an se yon gwo rapèl sou enpòtans pou kenbe yon sistèm agrikòl solid nan New York pou adrese bezwen eta nou an ak nan angajman fèmye nou yo pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak manje fre, ki pwodui lokalman. Nou apresye sipò kontinyèl Gouvènè Hochul bay Nourish NY ak tout sa li founi."

Direktè Egzekitif Feeding New York State la, Dan Egan, te deklare, "Gouvènman Eta New York kontinye bay sipò enpòtan pou bank alimantè yo ak lòt òganizasyon kont lafen yo atravè Nourish New York, ki se Pwogram Prevansyon Lafen ak Asistans Nitrisyon an, ak pwojè rekiperasyon dechè alimantè yo. Nou dwe veye kont nenpòt fo kwayans ke kriz la fini: byenke nou pa nan yon konfinman ki lye ak COVID ankò, bezwen pou manje charitab rete nan nivo ki trè wo. Enflasyon deja afekte vwazen nou yo ak pwòp travay nou. Nou gen chans pou nou gen gwo patnè nan gouvènman Eta a. Lidèchip Gouvènè Hochul pèmèt nou bay dè milyon liv bon jan kalite manje ki fèt nan New York pou ede vwazen nou yo ki grangou. N ap konekte kiltivatè yo, bank alimantè yo ak moun ki nan lafe yo nan yon pwogram efikas ak pwodiktif. Nou pa ka tann jou kote tout vwazen nou yo gen pwovizyon manje ki an sekirite epi travay nou p ap nesèsè ankò. Jiskaske jou sa a rive, sipò kontinyèl pou bank alimantè yo pral vital."

Drektè Jeneral Gouvènmantal nan Long Island Cares, Inc., Michael Haynes, te deklare, "Mwa Aksyon kont Lafen sa a, Long Island Cares, Inc.—The Harry Chapin Food Bank fyè pou l kanpe ansanm ak Feeding America ak Feeding New York State nan defann plis sipò pou bank alimantè yo ak divès popilasyon ensekirite alimantè nou sèvi yo. Semèn pwochèn n ap òganize yon evènman lokal pou anplwaye yo, volontè, ajans yo ak moun ki gen eksperyans pou yo patisipe vityèlman nan Konferans Mezon Blanch lan sou Lafen, Nitrisyon ak Sante. Nou kontan anpil pou nou wè ki jan Konferans sa a pral galvanize defansè kon lafen yo nan peyi a epi nou pa ka tann pou nou fè travay ki nesèsè pou asire yon Etazini san lafen an 2030."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Foodlink Ian, Julia Tedesco, te deklare, "Finansman Nourish NY la se yon sous sipò enpòtan pou Foodlink ak patnè kominotè nou yo pou nou ka sipòte kiltivatè lokal yo pandan n ap mete manje an sante sou tab yo pou plizyè milyon Nouyòkè. Nou bat bravo pou ofisyèl eta yo paske yo rekonèt bezwen an, epi yo fè pwogram repons fas ak pandemi sa a vin yon lejislasyon pèmanan nan bidjè eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Island Harvest Food Bank ki baze nan Long Island, Randi Shubin Dresner, te deklare, "Anpil Ameriken ap santi presyon ekonomik la akòz ogmantasyon pri pou manje, gaz, ak lòt machandiz esansyèl, sa ki lakòz yo pran desizyon difisil, tankou achte manje oswa peye pou mete gaz nan machin yo, oswa peye yon bòdwo sèvis piblik. Mwa Aksyon kont Lafen an se yon moman pou Nouyòkè yo mobilize pou ede fini ak lafen lè yo fè don, sèvi kòm volontè, oswa nan defann. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak sipò li nan pwogram tankou Nourish New York ki ede asire ke okenn Nouyòkè pa manke yon dwa imen debaz tankou manje."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418